



PWOGRAM ASISTANS AK ENÈJI NAN MASSACHUSETTS

Pou Rezidan ki Kalifye Selon Revni

Si ou se yon rezidan Massachusetts ki kalifye selon revni ou, gen plizyè pwogram ki kapab ede ou jere bòdwo enèji ou.

MEN KI JAN POU W KALIFYE

Pou w kalifye, fòk revni yo fè lakay ou avan dediksyon chak ane se kantite nan tablo ki anba la a oswa pi ba. Moun k ap Aplike Pou Pwogram Asistans ak Enèji yo dwe kontakte ajans kominote lokal yo. Y ap fè ou konnen ki dokiman ki nesèsè pou montre ou kalifye selon revni ou.

Kantite Pou Kalifye Selon Revni Nan Ane 2019

KANTITE MOUN NAN KAY LA	REVNI ANYÈL
1	\$35,510
2	\$46,437
3	\$57,363
4	\$68,289
5	\$79,215
6	\$90,141
7	\$92,190
8	\$94,239

Pou jwenn ajans aksyon kominote ou a, ale sou hedfuel.azurewebsites.net oswa rele **866-537-7267**.

PWOGRAM KI DISPONIB

Asistans ak Sous Enèji

Pwogram Asistans ak Sous Enèji an (ki rele LIHEAP—Low Income Home Energy Assistance Program an angle) ede ou peye bòdwo chofaj prensipal ou kit ou se yon pwopriyetè kay oswa w ap lwe. Pwogram nan fè peman yo dirèkteman bay konpayi sèvis piblik ou oswa kote ou achte sou enèji ou kit ou chofe kay ou ak elektrisite, gaz natirèl, petwòl, kewozèn, oswa bwa. Si w ap lwe epi se pwopriyetè kay ou a ki peye pou chofaj la, ou kapab kalifye pou resevwa yon peman nan men LIHEAP pou ede ou peye yon pati nan lwaye ou.

Pou jwen plis enfòmasyon sou LIHEAP oswa plis pwogram avantaj, ale sou benefits.gov/benefits/benefit-details/1576.

Rabè Nan Pri Gaz Natirèl ak Elektrisite

Tout konpayi ki ofri sèvis gaz natirèl ak elektrisite eta Massachusetts kontwole yo ofri yon Rabè Nan Pri Rezidansyèl. Kay ki resevwa Asistans ak Sous Enèji yo enskri otomatikman. Ou kalifye tou si ou resevwa TANF, EAEDC, SNAP, MassHealth, WIC, oswa yon lòt pwogram ki ede moun selon revni yo, men w ap bezwen aplike kote konpayi ki ba ou sèvis la dirèkteman.

Posibilite Pou Peye Pa Moso ak/oswa Pwogram Pou Regle Peman ki Anreta

Konpayi gaz natirèl ak elektrisite Massachusetts yo pral travay ak ou pou w peye pati ou anreta ak bòdwo ou a moso pa moso. Konpayi sa yo kapab ofri yon Pwogram Pou Regle Peman ki Anreta yo kote yo anile balans ki anreta yo si ou fè peman bidjè yo alè. Pou enskri, tanpri kontakte konpayi ki ba ou sèvis la dirèkteman.

Pwogram Pou Ede Itilize Mwens Enèji ak Pwogram Pou Fè Kay Itilize Mwens Enèji

Konpayi gaz natirèl ak elektrisite yo ansanm ak Cape Light Compact ofri program GRATIS pou ede ou bese bòdwo enèji ou. Pou kòmanse, y ap fè yon Evalyasyon Enèji gratis nan kay ou pou wè kijan ou kapab ekonomize enèji. W ap resevwa anpoul ki pa itilize twòp enèji, materyèl pou konsève dlo, epi petèt yon nouvo frijidè, frizè, ak sistèm chofaj (oswa repare sistèm nan), dezimidifikatè, machin pou lave rad ak/oswa klimatizè sou fenèt si yo wè aparèy ou genyen yo ap mache byen epi yo gaspiye twòp kouran. Kapab genyen tou lòt sèvis gratis tankou izolasyon grenye ak mi ak bouche kote lè ka antre nan tout kay ou. Sèvis sa yo disponib kit kay ou chofe ak elektrisite, gaz natirèl, petwòl, pwopàn, kewozèn, oswa bwa. Ou kapab jwenn sèvis sa yo kit ou se yon pwopriyetè kay, lokatè, oswa pwopriyetè yon batiman kote 1 a 4 apatman kote omwen mwatye nan moun w ap lwe apatman yo kalifye selon revni yo. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou aplike pou sèvis sa a, kontakte ajans kominote lokal ou a. Pwopriyetè batiman ki gen 5 oswa plis apatman kote omwen 50% moun ki rete nan apatman yo kalifye selon revni yo dwe rele 617-348-6425 oswa aplike nan leanmultifamily.org.

Pou jwenn ajans kominote lokal ou, tanpri rele 866-537-7267, mete kòd postal ou, epi chwazi opsyon 2. Oswa ale sou hedfuel.azurewebsites.net.

Lòt Pwoteksyon

Pwoteksyon Pou Yo Pa Koupe Sèvis Ou

- 1.** Konpayi gaz natirèl ak elektrisite yo pa pral koupe sèvis pou chofaj kòmanse 15 novanm jiska 15 mas, depi yo pa te koupe sèvis la avan 15 novanm paske ou pa te peye bòdwo ou.
- 2.** Maladi Grav- Konpayi gaz natirèl ak elektrisite yo pa pral koupe sèvis la si nenpòt moun nan kay la (granmoun oswa timoun) ki souffri yon maladi grav. W ap bezwen bay konpayi a yon sètifikasyon medikal ak yon fòm difikilte finansyè pou yo anrejistre nan dosye ou.
- 3.** Timoun ki poko gen 12 mwa - Konpayi gaz natirèl ak elektrik yo pa pral koupe sèvis la si gen nenpòt moun nan kay la ki poko gen 12 mwa. W ap bezwen bay konpayi a yon batistè ak yon fòm difikilte finansyè pou yo anrejistre nan dosye ou.
- 4.** Moun Aje - Konpayi gaz natirèl ak elektrisite a pa pral koupe sèvis la si tout granmoun nan kay la gen 65 an oswa plis san yo pa gen pèmasyon Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Utilities).

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte konpayi sèvis gaz natirèl ak/oswa elektrisite lokal ou yo oswa ajans kominotè lokal ou a.

Lòt Sou Asistans ak Chofaj

- Pwogram Manje ak Kay Pou Ijans la (Emergency Food and Shelter Program, EFSP), ki se yon pwogram ajans asistans ak sous enèji ou a administre souvan, kapab ba ou yon kout men ak bòdwo pou sèvis piblik ou yon sèl fwa. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou efsp.unitedway.org.
- Good Neighbor Energy Fund bay yon sibvansyon pou moun ki gen yon kriz finansyè tanporè ki pa kalifye pou pwogram Asistans ak Kouran an. Sibvansyon sa a se yon sèl fwa yo bay moun nan li. Kontakte Lame Disali (Salvation Army) lokal ou a oswa rele 800-334-3047 (ou 800-262-1320 nan areya kòd 413) pou èd sa a ak lòt èd ki genyen.
- Catholic Charities, the United Way, meri vil oswa vilaj ou, oswa lòt òganizasyon lokal kapab ede ou tou.
- Rele 211 pou enfòmasyon konsènan lòt sèvis sosyal Massachusetts yo.

**Pou jwenn ajans kominotè lokal ou a,
tanpri rele 866-537-7267 oswa vizite
hedfuel.azurewebsites.net.**



Patwone pa:

